

HAYU DIAJAR
BASA SUNDA

Pangajaran

BASA SUNDA

Pikeun Mahasiswa PGSD



Hesti Widiastuti, S.Pd., M.Pd.
Eri Subekti, S.S., M.Pd.
Sri Rohartati, S.Pd., M.Pd

PANGAJARAN BASA SUNDA

PANGAJARAN BASA SUNDA

Hesti Widiastuti, S.Pd., M.Pd.

Eri Subekti, S.S., M.Pd.

Sri Rohartati, S.Pd., M.Pd.



PANGAJARAN BASA SUNDA

Penulis:

Hesti Widiastuti, S.Pd., M.Pd.

Eri Subekti, S.S., M.Pd.

Sri Rohartati, S.Pd., M.Pd.

Editor:

Erik Santoso

Layouter :

Tim Kreatif PRCI

Cover:

Rusli

Cetakan Pertama : Februari 2024

Hak Cipta 2024, pada Penulis. Diterbitkan pertama kali oleh:

Perkumpulan Rumah Cemerlang Indonesia

ANGGOTA IKAPI JAWA BARAT

Pondok Karisma Residence Jalan Raflesia VI D.151

Panglayungan, Cipedes Tasikmalaya – 085223186009

Website : www.rcipress.rcipublisher.org

E-mail : rumahcemerlangindonesia@gmail.com

Copyright © 2024 by Perkumpulan Rumah Cemerlang Indonesia

All Right Reserved

- Cet. I – : Perkumpulan Rumah Cemerlang Indonesia, 2024

; 14,8 x 21 cm

ISBN : 978-623-448-801-2

Hak cipta dilindungi undang-undang

Dilarang memperbanyak buku ini dalam bentuk dan dengan
cara apapun tanpa izin tertulis dari penulis dan penerbit

Undang-undang No.19 Tahun 2002 Tentang

Hak Cipta Pasal 72

Undang-undang No.19 Tahun 2002 Tentang Hak Cipta
Pasal 72

Barang siapa dengan sengaja melanggar dan tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dalam pasal ayat (1) atau pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling sedikit 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp.1.000.000,00 (satu juta rupiah), atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp.5.000.000.000,00 (lima miliar rupiah).

Barang siapa dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran hak cipta terkait sebagai dimaksud pada ayat (1) dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 (lima) tahun dan/atau denda paling banyak Rp.500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah)

PANJAJAP

Puji sinareng syukur urang panjatkeun kakhadirat Allah SWT, nu mana mantena parantos masihan rahmat sinareng hidayah ka urang sadayana, kanggo ngarengsekeun ieu pancen. Shalawat sinareng salam mugia dilimpahkeun kajungjunan urang sadayana Nabi Muhammad SAW, kulawargi, sohabat, sinareng umatna anu satia dugi ka akhir zaman. Dina pancen ieu urang tiasa maparkeun sababaraha eusi anu parantos dipancenkeun. Ieu pancen teh eusina jauh keneh kana kasampurnaan, loba keneh kakurangana. Ku kituna sim kuring kacida nganti – ngantina kana saran jeung kritikna, sangkan ieu pancen teh leuwih munel sakumaha nu dipiharep ku urang sadayana. Najan kitu, nju nyusun teu weleh miharep sangkan sisieureun sabeunyeureun ieu laporan teh bisa mere mangpaat ka urang sadayana.

DAFTAR EUSI

PANJAJAP	I
DAFTAR EUSI	II
BAB I OPAT KAPARIGELAN BASA	1
A. Kaparigelan Ngaregepkeun	2
1. Wangenan Ngaregepkeun	2
2. Tujuan Ngaregepkeun	4
3. Tahapan Prosés Ngaregepkeun	5
4. Faktor-Faktor Ngaregepkeun	6
5. Wanda Ngaregepkeun	9
B. Kaparigelan Nyarita	10
1. Wangenan Nyarita	10
2. Patalina Nyarita jeung Kaparigelan Séjén	12
3. Prosés Lumangsung Nyarita	13
4. Tujuan Nyarita	13
C. Kaparigelan Maca	15
1. Wangenan Maca	15
2. Tujuan Maca	16
3. Wanda Maca	17
4. Mangpaat Kaparigelan Maca	20
5. Aspék Kaparigelan Maca	21
D. Kaparigelan Nulis	22
1. Wangenan Nulis	22
2. Nulis Salaku Salasahiji Kaparigelan Basa	23
3. Fungsi jeung Tujuan Kaparogelan Nulis	25
4. Wanda Nulis	27
5. Léngkah-léngkah Nulis	30

E.	Kacindekan	35
F.	Latihan Soal 1 !!	36
BAB II PAGUNEMAN		46
A.	Wangenan Paguneman	46
B.	Unsur-Unsur Paguneman	50
C.	Wanda Paguneman	51
D.	Ragam Undak-Usuk Basa Sunda	51
E.	Latihan Soal 2 !!	67
BAB III KARYA SASTRA SUNDA		71
A.	Carita Pondok	71
	1. Wangenan Carita Pondok	71
	2. Sajarah Carita Pondok	73
	3. Analisis Carita Pondok	75
	4. Unsur-Unsur Carita Pondok	78
	5. Ciri-Ciri Carita Pondok	79
	6. Carita Pondok Modern	80
B.	Novel Sunda	81
	1. Ciri-ciri Novel Sunda	84
	2. Papasingan Novel Sunda	86
	3. Unsur-unsur Novel	89
C.	Dongeng Sunda	91
	1. Wangenan Dongeng	91
	2. Unsur-Unsur Pangwangun Dongeng	94
	3. Ciri-Ciri Dongeng	95
	4. Fungsi Dongeng	95
	5. Papasingan Dongeng	96
	6. Conto Dongeng-Dongeng Sunda	100
D.	Latihan Soal 3 !!	107

BAB IV KAWIH, KAKAWIHAN JEUNG PUPUH SUNDA	111
A. Kawih Sunda	111
1. Sajarah Kawih	112
2. Papasingan Kawih	113
3. Struktur Teks Kawih Sunda	115
4. Harti Denotatif jeung Konotatif	117
B. Kakawihan Sunda	119
1. Papasingan Kakawihan	120
2. Karakteristik Kakawihan	121
3. Conto Kakawihan	122
C. Pupuh Sunda	126
D. Latihan Soal 4!!	136
 BAB V AKSARA SUNDA	 140
A. Sajarah Aksara Sunda	140
B. Karakteristik Aksara Sunda	142
C. Papasingan Aksara Sunda	144
1. Aksara Sunda Kuno	144
2. Aksara Sunda Baku	145
3. Cacarakan	145
4. Aksara Ngalagena	146
5. Rarangkén dina aksara ngalagena	148
6. Tanda Baca jeung Angka	157
7. Padika Nulis Aksara Sunda	158
D. Latihan Soal 5 !!	159
 DAFTAR PUSTAKA	 163

BAB I

OPAT KAPARIGELAN BASA

Diajar basa téh tujuan utamana mah sangkan siswa mahér atawa parigel ngagunakeun basa. Kamahéran atawa kaparigelan basa nyoko atawa ngamuara kana opat aspék anu “catur tunggal”, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Éta opat aspék téh patali jeung widang fiksi jeung non fiksi. Ditilik tina jihat étimologis, kecap kaparigelan téh asalna tina parigel. Kecap parigel téh sawanda jeung kecap tapis, paséhat, atawa mahér. Ari hartina parigel nurutkeun KUBS nya éta bisa digawé jeung bisa usaha. Kecap tapis ngabogaan harti bisa atawa pinter dina sarupaning perkara. Anapon kecap mahér nurutkeun R Sacadibrata (1954) téh asalna tina kecap mahir (Indonesia) nu hartina percéka, pinter, kacida alusna atawa kacida bisana. Jadi, boh parigel, tapis, paséhat, boh mahér ngagunakeun basa Sunda ngandung harti mibanda kamampuh lisan jeung tinulis dina widang basa Sunda.

Jadi, kamahéran téh tegesna leuwih nyoko kana aspék *performansi* najan saéstuna mah hésé misahkeunana antara kompetensi jeung performansi téh. Malah bisa disebutkeun yén kaparigelan téh enas-enasna mah adu manisna antara kompetensi jeung performansi téa. Ari kamahéran basa téh sipatna mékanistik, hartina kamahéran basa téh baris ngaronjat ajénna lamun mindeng latihan kalawan tuluy-tumuluy tur sistematis.

Dina émprona, aspék nu opat téh saéstuna mah henteu napsi-napsi da mindeng papasangan. Upamana waé, antara ngaregepkeun jeung maca, atawa antara nyarita jeung nulis (ngarang). Unggal-unggal kaparigelan téh tétéla merlukeun

kamampuh nu mandiri deuih. Najan enya antara nyarita jeung ngarang téh enas-enasna mah sarua pada-pada kamampuh nu sipatna produktif, tapi dina prakna mah lain-lainna deui. Da masing-masing kudu ngéstokeun padika éjahan jeung tanda-tanda baca, tapi teu kauger ku lentong atawa wirahma. Ari dina nyarita mah sabalikna. Luyu jeung kamandirianana, rupaning kasulitanana ogé réa bédana di antara opat kamampuh téh. Ku kituna, kawilang kurang merenah lamun aya nu nyebutkeun yén di antara nu opat rupa kaparigelan ngagunakeun basa téh, ngaregepkeun mah nu pangbarbarina. Atawa sabalikna, nulis (ngarang) nu dianggap panghéséna. Saéstuna mah henteu kitu. Ngaregepkeun disebut babari soténan lamun keur ngadéngékeun nu ngobrol, ngabandungan lalaguan atawa ngabandungan nu nyaritakeun pangalaman nu tas nyaba jauh jsté. Tapi teu kitu dina séjén waktu mah, upamana dina keur masamoan milu seminar, diskusi atawa ngabandungan pedaran ilmiah, jsté. Tegesna, kasulitan ngaregepkeun téh aya panta-pantana, teu kalis ku ngarti basana wungkul sabab réa deui perkara séjén nu kudu dicumponan jeung kacangking heula minangka bekelna.


A. Kaparigelan Ngaregepkeun

1. Wangenan Ngaregepkeun

Kagiatan ngaregepkeun mangrupa salah sahiji tina opat aspék (caturtunggal) kaparigelan makéna basa. Dina harti sapopoé, kagiatan ngaregepkeun téh aya kalana sok dipacorokeun jeung kagiatan ngadéngékeun. Tapi mun seug dilelenget tétéla aya bédana antara ngadéngé jeung ngaregepkeun téh. Hartina lamun ngadéngé mah can tangtu ngaregepkeun, sedengkéun ari ngaregepkeun mah tangtu baé kudu ngadéngé éta sora. Istilah ngadéngé (mendengar,

hearing) sok dianggap ukur prosés fisiologis, ti mimiti datangna gelombang sora anu engkéna ngeundeurkeun kekendangan. Jadi, tétéla ngaregepkeun téh lain prosés anu gampang. Lantaran dina emprona teu sakabéh jalma atawa siswa bisa jeung mampuh ngaregepkeun kalayan hadé. Lian ti éta, ngaregepkeun ogé raket patalina jeung pasipatan sopan atawa henteuna hiji jalma. Sopan henteuna hiji jalma kadangkala bisa katitén, naha éta jalma boga sikep ngaregepkeun anu hadé atawa henteu. Jadi, kamahér ngaregepkeun téh gumulung jeung tatakrama sopan santun sarta ajén intéléktual paregepna.

Nurutkeun Kamus Umum Basa Sunda, ngaregepkeun asalna tina kecap regep nu hartina ngabandingan enya-nya. Ku kituna, ngaregepkeun mah lain ukur ngadéngékeun sora atawa caritaan, tapi mangrupa hiji kagiatan anu ngandung maksud pikeun meunangkeun eusi katut maksud caritaan. Ilaharna ari ngaregepkeun mah sok ti kadeukeutan, sangkan sora atawa caritaan téh kadéngé kalawan écés tur jéntré. Ku lantaran ngandung tujuan pikeun meunangkeun hasil tina sora nu kadéngé. Tegesna, ngaregepkeun téh lain saukur ngarti kana sora nu kadéngéna wungkul, tapi kudu bari jeung nyangkem kana eusi nu didéngékeunana. Ku kituna, ngaregepkeun kudu daria sarta dipigawé ti kadeukeutan, sabab pikeun nangkep informasi anu leuwih hadé mah kudu bari dibantu ku indra séjén, kayaning paninggal jeung sikep dina mangsa ngaregepkeun. lenyepan proses ngaregepkeun ieu di handap.



Gambar 1. Proses Ngaregepkeun

2. Tujuan Ngaregepkeun

Maksud atawa tujuan ngaregepkeun bisa rupa-rupa, gumantung kana sipat jeung kaayaan. Upama dipasing-pasing mah fungsi atawa mangpaat ngaregepkeun téh bisa digolongkeun jadi lima rupa:

- a. nyangkem informasi;
- b. ngumpulkeun data sangkan bisa nyieun kaputusan anu hadé;
- c. sangkan bisa ‘ngaréspon’ anu leuwih merenah kana naon anu kadéngé;
- d. pikeun hubungan éféktif jeung papada jalma; jeung
- e. nangkep eusi atawa caritaan, dina hubungan prosés diajar.

Tegesna, ngaregepkeun téh mangrupa métode pikeun nangkep informasi jeung ma’na tina pangalaman pangrungu. Pikeun nangkep atawa ngumpulkeun informasi atawa ngaregepkeun anu hadé, bisa dipangaruhan ku tilu aspék, nya eta (1) persépsi, (2) intelegensi, jeung (3) mikir. Nu dimaksud persépsi téh mangrupa fisiologis jeung psikologis

dina ningkesna wincikan-wincikan anu patalina tina data.

Ari *intelengensi* mangrupa kamampuh nangkep eusi. hadé goréngna nangkep eusi carita bisa gumantung kana intelegénsi. Upama jalma nu punjul intelegénsina baris mampuh pikeun matalikeun data nu katangkep jeung data anu geus dipibanda, sarta mampuh nyieun analisis pikeun nyokot hiji kacindekan. Lebah aspék mikir sok dipatalikeun jeung pasualan ngaidéntifikasi. Waktu nangkep informasi dina ngaregepkeun, pikiran téh sok muter, mulak-malik ingétan kana sakumna data anu geus nyampak. Satutas pikiran téh jalan, tuluy éta data anyar téh diolah tur dipatalikeun jeung data heubeul. Tina éta prosés téh tuluy jadi ngarti sarta baris jadi data anyar hasil tina patalina data nu katangkep jeung data anu geus nyampak.

3. Tahapan Prosés Ngaregepkeun

Dina proses ngaregepkeun aya sababaraha tahapan anu kudu dirandapan ku panyatur jeung pangregep. Ieu tahapan nangtukeun informasi bisa katepikeun sacara utuh. Proés ngaregepkeun moal bisa karandapan kalawan utuh saupama salasahijina aya hambatan. Ditilik tina tahap-tahapna, prosés ngaregepkeun téh bisa dibagi jadi sababaraha tahap, nya éta:

- a. misah-misahkeun: sakur nu katangkep dina ngaregepkeun diserep sarupa-sarupa; kecap- kecap, gagasan, fakta, susunan jsté.
- b. idéntifikasi: sakur nu kawilang istimewa dina hasil ngaregepkeun, satutas nginget-ninget deui tuluy dihartikeun atawa diidéntifikasi,
- c. ngaranjing-ranjing: sakur nu katangkep dina waktu ngaregepkeun, diranjingkeun jeung informasi séjén nu geus nyampak. Ku lantaran kitu, pangaweruh nu nyampak pohara pentingna,

- d. ngabanding-banding: informasi nu katangkep dibanding-banding jeung pangaweruh anu geus kapimilik. Lamun informasi anyar ngadeudeul kana informasi heubeul papahaman ti heula, prosésna bakal gancang. Tapi lamun henteu luyu, tuluy dipilih informasi mana nu leuwih keuna atawa leuwih hadé,
- e. nafsiran: aktif ngépaluasi sakur anu katarima jeung ti mana asalna; nimbang-nimbang pikeun nolak atawa narima,
- f. nyarungsum: ngalengkepan atawa ngeusian wincikan poko-poko pedaran ku data atawa gagasan anu sipatna nandeskeun, tina kabeungharan pangaweruh urang sorangan,
- g. introspéksi; sajeroning mulak-malik jeung ngabanding-banding informasi téa, sarta nyoba dilarapkeun kana kaayaan diri sorangan.

Tina pedaran di luhur tétéla yén ngaregepkeun téh lain paripolah pasif, tapi mangrupa kagiatan anu mibutuh prosés (aktivitas) anu daria atawa saregep.

4. Faktor-Faktor Ngaregepkeun

Nurutkeun Tarigan, aya sababaraha factor nu mangaruhan kana kagiatan ngaregepkeun diantarana nya éta; nu kahiji, factor fisik. Kaayaan fisik panyatur atawa pangregep mangaruhan kana kualitas ngaregepkeun. Contona, aya hiji jalma anu teu bisa ngaregepkeun sacara a optimal biasana kurang focus atawa kurang museurkeun perhatianna kana naon anu diregepkeun. Faktor nu mangaruhanna bisa jadi kondisi fisik anu teu ngadukung, saupamana keur gering, atawa kurang asupan gizi bisa jadi alesan hiji jelma teu bisa fokus. Kasehatan fisik hijin jelma nalika ngaregepkeun kalintang pentingna saupama aya

hambatan dina fisikna utamana dina pakakas ucap jeung pangrunguna pasti mangaruhan pisan kana informasi anu diregepkeun atawa nu dicaturkeunna.

Faktor anu kadua nya éta factor psikologis. Factor psikologis méré pangaruh nu gedé ogé nalika ngaregepkeun. Psikologis anu positif bakal méré pangaruh positif kana naon anu diregepkeunna, sabalikna psikologis anu négatif méré pangaruh négatif ogé kana naon nu diregepkeunna. Contona psikologis nu négatif kurang simpati, prasangka goréng, pamikiran nu kurang jembar jeung sajabana. Sedengkeun psikologi positif bisa méré kauntungan pikeun proses ngaregepkeun, saperti pangalaman baheula anu pikaresepeun bisa nangtukeun minat sarta kahayang pangregep nalika ngaregepkeun. Pangregep bakal karojong pikeun milampah atawa leuwih sumanget nalika dibéré motivasi.

Anu katilu, nya éta factor pangalaman. Loba saeutikna pangalaman nangtukeun kumaha informasi katepikeun kalawan sampurna atawa henteu. Hal ieu dilantarankeun nalika ngaregepkeun pasti aya carita anu patalina jeung pangaman nu ngaregepkeun. Saupama kurang pangalamanna bisa jadi nu ngaregepkeun kurang bisa maliré maksud ti panyatur. Kitu deui pikeun panyatur nalika nyarita saupama pangalamanna kurang bakal leuwih heuleut nalika nyaritakeun caritana.

Faktor kaopat nya éta sikep. Dina dasarna manusa ngabogaan dua sikep nya éta sikep narima jeung sikep teu narima atawa mungpang. Jelma bakal narima hal anu dianggap ku manéhna resep atawa haténa panuju kitu deui saupama mungpang manéhna bakal nyokot sikep teu panuju. Ku kituna sikep mangaruhan pisan kana hasil ngaregepkeun, bisa jadi lantaran teu panuju naon anu diregepkeun poho

atawa teu dipaliré padahal panyatur geus bedas tur jelas nepikeunana.

Anu kalima factor motivasi. Motivasi mangrupikeun sumanget manusa pikeun ngahontal anu jadi pamaksudan. Saupama hiji jelma miboga motivasi anu gedé kana hiji hal mangka manéhna bakal sakuat tanaga ngusahakeun naon anu jadi tujuanna. Sabalikna hiji jelma anu teu miboga motivasi gedé bakal gampang éléhan sarta eureun nalika milampah pagawéan. Ku kituna motivasi nalika ngaregepkeun mangaruhan pisan, contona hiji mahasiswa dibéré tugas ku Dosénna pikeun ngaregepkeun seminar pikeun sarat ujian. Éta mahasiswa bakal soso-soso ngaregepkeun panyatur dina seminar lantaran ngabogaan motivasi anu jelas jeung kuat.

Kagenep, factor *gender*. Faktor kagenep ieu dipangaruhan ku hormon sacara biologis, nurutkeun panalungtikan *gender* méré pangaruh kana cara ngaregepkeun. Antara awéwé jeung lalaki miboga fokus anu béda dumasar hormone séwang-séwangan. Hal ieu bisa kagambar ngaliwatan tabel ieu di handap.

Tabel 1. Bébéda Gaya Ngaregepkeun

Bébédana Gaya Ngaregepkeun	
Lalaki	Awéwé
Objektif	Subjektif
Aktif	Pasif
Heuras hate	Simpatik
Analisis	Difusif
Rasional	Sensitive
Pantang mundur	Gampang kapangaruhan
Netral	Gampang ngelehan
Instrusif	Reseptif
Berdikari	Gumantung ka batur
Emosina stabil	Emosian

Faktor anu katujuh, nya éta factor lingkungan. Lingkungan méré pangaruh nu gedé pikeun ngaregepkeun. Hal ieu dilantarankeun nalika panyatur jeung pangregep silih tukeur informasi lingkungan bisa jadi ngarojong bisa jadi henteu. Saupama lingkunganna teu kondusif atawa gandéng ku sora motor jeung mobil tangtu ngaregepkeun ogé moal maksimal. Sabalikna saupama lingkunganna ngarojong contona tiiseun, sepi, sora panyatur oge bakal karegepkeun sacara maksimal.

Faktor anu pamungkas nya éta panyatur. Kagiatan ngaregepkeun bisa jadi lancar atawa kawilang suksés bisa jadi lantaran faktor saha anu nepikeun caritaan atawa panyatur. Unggal panyatur biasaana miboga gaya carita séwang-séwangan nu ngajadikeun pangregep kairut atawa henteu biasaana gumantung saha nu nyaritakeunna. Contona nalika aya béwara di Sakola nalika nu nepikeun béwarana babaturan kelas sorangan, sakapeung teu pati dipaliré ku babaturanna. Tapi saupama éta béwara ditepikeun ku Guru atawa Kepala Sakola biasana sok langsung museurkeun perhatian pikeun ngaregepkeun.

5. Wanda Ngaregepkeun

Ngaregepkeun téh aya sabaraha rupa, gumantung kana kritéria papasinganana. Dumasar kana tujuan jeung jero-déétna bahan regepan, aya dua rupa ngaregepkeun nya éta:

- a. ngaregepkeun inténsif jeung
- b. ngaregepkeun éksténsif.

Dina pangajaran basa, ngaregepkeun intensif jeung éksténsif kawilang penting fungsina téh. Ngaregepkeun intensif nya éta ngaregepkeun nu salawasna aya dina panalingaan guru. Panalingaan téh bisa mangrupa aktivitas guru enggoning nuyun siswa dina kagiatan maham, nyieun

kacindekan, mairan, nyaritakeun deui eusi regepan. Atawa mangrupa arahan ti guru ka siswa nalika milampah hal-hal anu kawilang perlu sabada ngaregepkeun wacana regepan.

Ngaregepkeun éksténsif nya éta aktivitas ngaregepkeun nu aya patalina jeung hal-hal nu leuwih umum, teu kauger ku hal-hal nu ngawatesanan kana hiji pedaran. Ngaregepkeun éksténsif lumangsung di saluareun arahan Guru; biasana mangrupa kagiatan aplikatif atawa dumasar pangalaman séwang-séwangan siswa, aktivitas ngaregepkeun biasana matalikeun pangalaman-pangalaman batiniah; pangalaman mangsa lawas téh jadi bahan pikeun ngawewegan pamadegan anu geus nyampak dina batin paregep.

B. Kaparigelan Nyarita

1. Wangenan Nyarita

Nyarita mangrupa salah sahiji kaparigelan makéna basa anu sifatna produktif aktif. Hakékatna nyarita téh mangrupa hiji prosés komunikasi. Ari komunikasi nyaéta hiji prosés mindahkeun amanat (eusi haté, ide) ti nu nyarita ka nu diajak nyarita. Tina katerangan di luhur, bisa disebutkeun yén nyarita téh nyaéta hiji peristiwa nepikeun amanah (ide, gagasan, eusi haté) ti nu nyarita ka nu séjén (nu diajak nyarita) nepi ka bisa pikahartieun nepi ku nu diajak nyarita. Tina wangenan gé bisa kagambar yén dina prosés lumangsungna nyarita téh aya unsur-unsurna.

Upama ditiénan, aya lima unsur dina nyarita nyaéta:

- a. Gagasan utama anu jadi jejer pedaran. Gagasan atawa ide carita mangrupikeun salasahiji unsur utama nalika nyarita lantaran saupama euweuh topik atawa ide carita kagiatan nyarita moal bisa lumangsung.
- b. Gaya atawa basa anu digunakeun. Gaya nalika nyarita

dipoboga gumantung séwang-séwangan panyatur, aya nu norolong nalika nyarita, aya nu lalaunan, aya ogé anu pikaresepeun nu ngaregepkeunana lantaran bisaan nepikeun eusi carita ku cara banyol.

- c. Susunan atawa éntép-seureuhna nepikeun gagasan. Nalika nyarita pola caritaan gumantung penting pikeun mastikeun nepi mana jeung sakumaha gagasn carita katepikeunana. Ieu hal dipilampah sangkan eusi carita katepikeun saluyu waktu jeung tujuan nyarita, henteu muter jeung henteu ngalieurkeun nu ngaregepkeun.
- d. Kumaha cara midangkeunana. Cara midangkeun caritaan béda-béda unggal jelema, aya anu ditepikeun kucara banyol, aya nu kucara serius aya ogé ku cara “kode”. Cara midangkeun nalika nyarita kawilang penting lantaran nangtukeun katepikeun atawa henteuna éta eusi carita. Biasana cara anu paling loba dipaké nya éta nalika paguneman sapopoé atawa ngobrol dina masa kiwari mah.
- e. Kamampuh nalar. Kamampuh nalar panyatur nalika nyarita mangrupikeun salasahiji unsur nyarita anu pamungkas. Ieu hal dirojong ku pangalaman panyatur nalika nyarita, saupama panyatur miboga pangalaman anu jembar tangtu eusi caritaan bisa mekar saluyu jeung gagsan nu keur dicaritakeun, sabalikna saupama panyatur kurang bisa ngembangkeun eusi gagasan bisa jadi proses nyarita teu lumangsung lila sarta tujuan nyarita teu katepikeun.

Kagiatan nyarita téh di antarana saperti conto di handap:

- a. nyarita dina ngawangkong
- b. nyarita pikeun biantara
- c. nyarita pikeun ceramah
- d. nyarita pikeun méré naséhat

- e. ngadongéng
- f. merankeun drama
- g. nembang jeung ngawih (lagu); jrrd.


2. Patalina Nyarita jeung Kaparigelan Séjén

Saperti anu geus dicaritakeun di sub bab opat kaparigelan basa, yén kaparigelan basa aya opat nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Sakabéh opat kaparigelan baca miboga fungsi jeung tujuanna séwang-séwangan sarta silih mangaruhan. Uatamana dina kaparigelan nyarita. Kaparigelan nyarita miboga patali anu raket jeung kaparigelan séjenna diatarana waé:

- a. Patali kaparigelan nyarita jeung ngaregepkeun. Sumber utama ngaregepkeun nya éta panyatur, boh sacara langsung boh teu langsung. Sacara langsung nalika ngaregepkeun panyatur kudu miboga kaparigelan nyarita sangkan tujuan ngaregepkeun kahontal. Ku kituna patalina ngaregepkeun jeung nyarita kalintang pentingna.
- b. Patalina nyarita jeung kaparigelan maca. Maca mangrupa salasahiji kaparigelan anu miboga sipat *reseptif*. Hartina nalika rék nyarita panyatur kudu miboga pangalaman maca pikeun minuhan pangaweruhna. Saupama panyatur teu miboga pangalaman maca anu jembar, eusi caritaan bisa jadi kurang beuneur jeung pungkil.
- c. Patalina nyarita jeung kaparigelan nulis. Nulis jeung nyarita mangrupakeun kaparigelan basa anu sipatna aktif produktif. Hartina nu panulis jeung panyatur miboga peran anu sarua tapi ngaliwatan media anu béda.

3. Prosés Lumangsung Nyarita

Dina kanyataanana lumangsungna nyarita téh bisa disebutkeun dua rupa. Kahiji, saarah (upamana: ceramah, biantara, hutbah, siaran, jsté). Kadua, dua arah (upamana; ngawangkong, sawala, dialog, paguneman, seminar, wawancara, simposium, lokakarya kongres, konfrensi, jsté). Lamun ditingkéskeun dina wangun model, lumangsungna proses komunikasi teh bisa kieu



Tina éta model katingali yén antara nu nyarita jeung pamiarsa téh aya hubungan silih papag (reciprocal). Nu keur nyarita gumantung ka nu diajak nyarita dina ngaregepkeun jeung ngahartikeun pedaran.

4. Tujuan Nyarita

Ditilik tina runtuyan jeung suasanana, nyarita miboga rupa-rupa tujuan utamana pikeun komunikasi. Tujuan umumna nya éta pikeun:

- Ngarojong hiji hal atawa perkara pikeun ngahontal hiji tujuan
- Ngayakinkeun pangregep kana naon maksud caritaan
- Migawé/ milampah hiji hal.
- ngalaporkeun atawa nepikeun informasi,
- ngabubungah atawa ngahibur haté batur, jsté.

Sedengkeun tujuan hususna nya éta diluyukeun jeung hal-hal nu rék dicaritakeun sarta nyoko kana tujuan umum anu rék dihontal salila kagiatan nyarita lumangsung.

Dumasar kana élmu komunikasi, tujuan nyarita miboga sabaraha bagian nya éta:

- nepikeun informasi/ngajar/ngalatih, ngahibur,
- méré sumanget/ ngarojong, runding/badami/debat.
- ngarayu/ ngolo/ ngayakinkeun,
- nalungtik.

Nyarita ogé kudu mibanda tujuan nu dirumuskeun dina hiji atawa sababaraha pikiran poko sangkan jalma séjén teu leungiteu jejer caritaan salila ngaregepkeun. Nyarita nu miboga tujuan pikeun ngalaporkeun, bisa dilaksanakeun ku unggal jalma sacara individual atawa kelompok, diantaranya:

- nepikeun pangaweruh,
- nepikeun hasil panalungtikan jeung pangalaman
- nerangkeun atawa ngajéntrékeun hiji kajadian,
- medar atawa nafsirkeun hasil pangalaman maca hiji buku/ tulisan,
- nangtukeun hubungan antara hiji barang jeung barang séjénna.

Powers nétélakeun yén tujuan nyarita téh bisa ditilik tina situasi jeung tempat cacarita. Nyarita nu tujuanna pikeun ngalaporkeun bisa mangrupa:

- ceramah, kuliah (lecture)
- nyaritakeun pangalaman lalampahan (travelogue)
- béwara, maklumat (announcement)
- laporan (report)
- instruksi, pangajaran (instruction),
- ngagambarkeun hiji adegan atawa pamandangan (description of sence),
- nyalonkeun, ngangkat, nunjuk saurang nu diunggulkeun (nomination),
- nyaritakeun, muji saurang jalma nu geus taya dikieuna,

- ngbodor, ngalucu, guyon, banyol (anecdote)
- ngadongéng, ngariwayatkeun (story).

Nyarita nu tujuanna pikeun ngayakinkeun miboga maksud sangkan jalma nu narima informasi yakin jeung percaya kan perkara nu ditepieun ku panyatur, sifatna persuasif. Nyarita ogé miboga fungsi pikeun :

- miara hubungan sosial
- ngarawat/ ngariksa warisan budaya
- ngaréalisasikeun diri
- dinamika sosial jeung
- mindahkeun ajén budaya

C. Kaparigelan Maca

1. Wangenan Maca

Kaparigelan maca nyaéta kaparigelan nyurahan lambang tinulis pikeun meunangkeun eusi pikiran atawa gagasan (informasi) anu dipidangkeun ku karangan dina wangun tinulis. Dina prakna, maca téh lain ngan saukur nangkep harti anu dikandung ku tulisan (karangan), tapi ogé mangrupa paripolah nyurahan lambang-lambang tinulis sarta ngarobah éta lambang ngaliwatan fonik (sora) boh dilisankeun (dibedaskeun) boh digerenteskeun dina jero haté. Tandesna mah, maca téh mangrupa kaparigelan meunangkeun informasi tina tulisan atawa karangan. Maca téh dina hakékatna mah ngawengku tilu unsur, nyaéta:

- a. artikulasi; béntés dina ngucapkeun vokal, konsonan, kaasup intonasi katutéksprésina
- b. paséhat; lancar, teu rundag-randeg, sarta luyu jeung tanda bacaan.
- c. nyangkem eusi; ngarti sarta bisa nangkep kana ma'na jeung tujuan anu dikandung dina bacaan

Saéstuna kaparigelan maca téh teu bisa disapirakeun, lantaran lain ngan sakadar kudu parigel ngagorolangeun aksara atawa lambang tinulis wungkul, tapi ogé kudu parigel nyangkem sajumlahing kaparigelan anu gembheng di antarana waé nyaéta;

- a. pangaweruh ngeunaan aksara jeung tanda baca;
- b. patalina aksara jeung tanda baca sarta unsur-unsur linguistik formal;
- c. patalina nu leuwih jembar aksara jeung tanda baca jeung harti atawa ma'na anu dikandung dina éta karangan.

Dina hakékatna mah kaparigelan maca téh mangrupa kaparigelan inteléktual, nyaéta kaparigelan anu mibutuh kamampuh katut pangaweruh anu gembheng pikeun nyurahan lambang tinulis sarta nyangkem ma'na katut tujuan anu dikandung dina bacaan.

2. Tujuan Maca

Sok sanajan paripolah maca téh dina prakna mah sarua, tapi ari maksudna mah bédabéda. Aya anu maca daria sarta enya-nya hayang mikanyaho kana eusi katut tujuan eusi bacaan, aya ogé anu maca sahayuna sakadar pikeun hiburan atawa pikeun ngeusi waktu luang. Tegesna mah pikeun meunangkeun informasi tina bacaan téh gumantung kana tujuan macana. Ieu di handap aya sababaraha rupa tujuan maca;

- Maca pikeun meunangkeun informasi kayaning fakta-fakta, bukti-bukti kalawan écés tur jéntré. Mangrupa kagiatan maca anu telik sarta ngandung maksud pikeun meunangkeun péréléan fakta.
- Maca pikeun meunangkeun ide atawa topik bacaan, nyaéta mangrupa kagiatan maca pikeun nalungtik eusi jeung ringkesan bacaan.

3. Wanda Maca

Aya dua wanda maca, nyaéta maca dina jero haté jeung maca bedas. Ieu wanda maca téh dibédakeun dumasar kana cara atawa prosésna.

a. Maca dina Jero Haté

Maca dina jero haté nyaéta maca kalawan teu dilisankeun atawa teu ngaluarkeun sora. Maca dina jero haté cukup ku digorolangkeun dina jero haté wungkul. Ku kituna, maca dina jero haté mah leuwih condong maca sadirieun lain pikeun déngékeuneun nu lian. Dina kagiatan maca sapopoé ogé, ilaharna mah maca téh cukup ku digorolangkeun dina jero haté, kajaba lamun aya maksud séjén. Dibandingkeun jeung maca bedas atawa dilisankeun, maca dina jero haté kawilang leuwih éféktif. Maca dina jero haté mah moal matak ngaganggu atawa ngagandéngan anu lian, Ku kituna, maca dina jero haté bisa dipigawé di tempat anu sagawayah boh di tempat pribadi boh di tempat umum.

Di Pabukon anu kasebut ruang baca ogé, saenyana mah lain pikeun maca dibedakeun tapi maca dina jero haté. Tujuan utama maca dina jero haté, nyaéta pikeun nyangkem rupa-rupa informasi. Umumna maca dina jero haté mah hasilna bakal leuwih munel sarta leuwih gancang batan maca bedas. Ku cara maca dina jero haté, salian ti leuwih gancang téh bakal leuwih gancang dina nyangkem eusi boh ngeunaan frasa-frasa, kalimah, boh kabeungharan kecap. Pikeun latihan di kelas, ilaharna guru méré pancén ka siswa pikeun maca dina jero haté, saréngsena maca siswa kudu bisa nyaritakeun deui ngeunaan eusi bacaan. Ku cara kitu bakal katangén kamampuh siswa boh ngeunaan aprésiasi karangan boh pamahaman eusi.

b. Maca Bedas

Maca bedas atawa maca nu dilisankeun nyaéta mangrupa kaparigelan maca kalawan diproduksi ku alat sora anu ngandung ma'na. Dina maca dilisankeun mah kudu leuwih ti heula ditengenkeun téh nyaéta ma'na eusi bacaan, kakara digorolangkeun kalawan luyu jeung intonasi sarta maksud anu dicirian ku lambang tinulis (tanda baca). Dina maca bedas mah kudu bisa ngatur volume sora pikeun nandeskeun kecap, tuluyana diruntuykeun dina wangun kalimah anu ngandung ma'na. Sangkan artikulasina béntés, tangtu baé nu maca kudu bisa ngabédakeun antara sora vokal jeung sora konsonan, sabab maca bedas mah lain sakadar kudu kaharti ku sorangan tapi ogé kudu bari bisa kaharti ku nu lian (nu ngaregepkeun). Pikeun nu keur diajar maca mah, maca bedas téh kawilang gedé pisan mangpaatna. Lian baé ngandung mangpaat pikeun ngalancarkeun kaparigelan maca, tapi ogé pikeun kaparigelan ngaregepkeun. Dumasar kana tujuanana, maca bedas (dilisankeun) bisa dibagi ku dua golongan, nyaéta:

- Maca sasoranganeun; ilaharna dipigawé ku nu keur diajar maca pikeun ngalancarkeun kaparigelan nyurahan lambang tinulis jeung aspék séjénna.
- Maca nu keur lian; mangrupa kagiatan maca nu tujuanana pikeun nepikeun informasi ka nu lian.

Maca bedas atawa maca bari dilisankeun pikeun méré informasi ka nu lian, nyaéta mangrupa kagiatan maca ngaregepkeun nu lian. Ku kituna, maca bedas mérédih kaparigelan anu sagemblengna nyaéta salian ti kudu nyangkem eusi atawa ma'na bacaan téh ogé bari jeung kudu parigel nyurahan lambang tinulis kalawan paséhat lancar tur tatag. Teu béda keur nulis jeung nyarita, maca bedas mangrupa kagiatan antar jalma, nyaéta aya nu maca jeung

aya nu ngaregepkeun. Upama parigel macana tur hadé nepikeunana, tanwandé anu ngaregepkeun ogé bakal resep jeung saregep. Lian ti kitu, parigel maca bedas bakal bisa nepikeun informasi sakumaha anu dimaksud ku eusi bacaan.

Sabalikna, upama kurang parigel atawa teu merenah macana, informasina ogé moal katepikeun. Jadi, mun teu parigel maca nu ngaregepkeun moal saregep. Pikeun mibanda kaparigelan maca bedas, leuwih ti heula kudu mibanda kamampuh ngeunaan bacaan anu rék dibacakeun. Anu kawilang pentingna mah nyaéta kudu parigel maca kalawan lancar, artikusina béntés, sarta parigel ngaruntuykeun kalimah kalawan lentong anu merenah. Sangkan bacaan anu digorolangkeun kaharti tur dipikaresep ku nu ngaregepkeun, sawadina tumut kana padika atawa ugeran tanda baca, sarta niténan cara-cara saperti ieu di handap:

- Nyangkem jejer jeung eusi;
 - Parigel ngabédakeun ide-ide anu béda kalawan jéntré;
 - Ngagorolangkeun kalimah kalawan sora anu béntés jeung intonasi anu merenah;
 - Ngajéntrékeun kalimah ku sora jeung gaya anu éksprésif.
- Ahli séjén, Harras (2009: 5) ngebrehkeun ditilik tina bahan bacaan nu dibaca, sacara gurat badag maca teh dibagi jadi dua, nyaeta maca intensif jeung maca ekstensif.

- Maca Eksténsif

Maca eksténsif maca sacara jembar. Obyek nu dibacana loba tur rupa-rupa bacaan dina waktu nu singget. Tujuan maca ekstensif nyaéta pikéun meunangkéun pamahaman nu relatip basajan atawa handap, sabab saking ku loba jeung rupa-rupa anu dibaca. Contona: maca koran, majalah, jrrd. Broughton dina Tarigan, 1983 milah-milah maca ekstensif jadi tilu

bagian, nyaeta (1) maca survey (survey reading), (2) maca saliwat (skimming), jeung (3) maca deet (superficial reading).

- Maca Inténsif

Maca inténsif nyaéta studi seksama, talaah sacara taliti, jeung ngawincik hal-hal anu aya dina bacaan anu jumlah kacana opat kaca unggal poe jeung merlukeun waktu nu lila (Tarigan 1994: 35).

4. Mangpaat Kaparigelan Maca

Aya istilah basa Indonésia *buku jendela dunia* ieu hal patali jeung mangpaat kaparigelan maca dina élmu pangaweruh. Hartina ngaliwatan maca buku urang bisa leuwih jembar pikeun mertélakeun pasualan élmu pangaweruh. Sarta ngaliwatan maca pangalaman anu teu karandapan langsung bisa kagambarkeun sahingga urang salaku nu maca bisa ngabayangkeun kumaha situasi jeung kaayaan anu aya dina bahan bacaan. Ieu di handap sawatara mangpaat mkaparigelan maca pikeun urang.

- Meunangkeun pangalamanan hirup nu jembar.
- Meunangkeun rupa-rupa kanyaho jeung sagala informasi anu tangtu pikeun bekel dina kahirupan sapopoe.
- Mikanyaho sagala rupa kajadian dina kabudayaan bangsa.
- Mekarkeun élmu pangaweruh jeung tehnologi nu moderen di alam dunya.
- Ngajembaran cakrawala, ngawewegan batin, ngajalankeun amanah, ngaronjatkeun kahirupan, jeung ngajembaran budaya soeangan katut budaya batur.
- Ngarengsekeun rupa-rupa pasualan hirup, ngarobah pangaweruh hiji jalma, jeung jadi pinter.

- Ngajembaran kamaheran dina cumarita, babasan, kandaga kecap, ngarojong kana kamaheran ngaregepkeun katut kaparigelan nulis.
- Ngaronjatkeun harkat martabat pribadi, ngawewegan jatidiri jeung nu sejenna.

Emerson, salah saurang filosof nyebutkeun yen saban jalma kudu ngabiasakeun maca nu bener.

5. Aspék Kaparigelan Maca

Aya dua aspék anu penting dina kaparigelan maca nya éta anu sipatna mekanisme jeung sipatna pamahaman.

Kagolong kana aspék mekanisme ngawengku :

- ngawanohkeun wangun huruf
- ngawanohkeun unsur-unsur linguistik (fonemgrafem, kecap, frasa, pola klausa, kalimah, jeung réa-réa deui.
- ngawanohkeun hubungan korespondensi pola ejaan jeung sora basa.
- gancangna maca.

Kaparigelan maca sipatna pamahaman (comprehension skiils) kagolong kana tahapan nu luhur. Aspék-aspékna ngawengku :

- paham kana harti (leksikal, gramatikal, retorikal)
- paham kana signifikansi atawa harti
- meunteun (isi, bentuk)
- gancangna maca (Broughton dina Tarigan, 13:1983)